

**LARASING TEMBUNG LAN TEMBANG SAJRONING ANTOLOGI CAMPURSARI
BANYUWANGI ANGGITANE ANDANG C.Y
(Tintingana Stilistika)**

**NIHAYATUL MAGHFIROH
PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA**

Abstrak

Tembang mujudake salah sawijining karya manungsa kang awujud seratan lan bisa dilagokake. Tembang anggitané Andang C.Y minangka salah sawijining karya seni kang ngandharake kahanan sosial lan kahanan alam ing urip bebrayan, mligine ana ing Kabupatén Banyuwangi. Tembang anggitané Andang C.Y didadekake objek panliten amarga bisa narik kawigaten kanggo ditliti. Tembang mau bisa narik kawigaten kanggo ditliti, amarga tembang karya Andang C.Y nggunakake pamilihing tembung lan lelawananing basa kang endah. Saliyane nggunakake basa kang endah, karya Andang C.Y uga nduweni nilai fungsi kang migunani tumrap masyarakat.

Saka andharan alesane panliten, undheran sajroning panliten iki yaiku (1) Kepriye wujud pamilihing tembung sing digunakake pangripta?, (2) Kepriye wujud pangolahing tembung sing digunakake pangrita?, (3) Kepriye fungsionalitas pamilih lan pangolahing tembang kang digayutake karo masyarakat?. Saka undheran panliten mau, tujuwan saka panliten iki yaiku (1) Ngandharake wujud pamilihing tembung sing digunakake pangripta, (2) Ngandhare wujud pangolahing tembung sing digunakake pangripta, (3) Ngandharake pamilih lan pangolahing tembang kang digayutake karo masyarakat.. Paedah saka panliten iki diajab bakal (1) panliten iki didadekake bahan seserepan ngenani teori *stilistika* lan teori-teori liyane kang ana gayutake karo teori mau, (2) bisa nambah wawasan ngenani tembang Banyuwangi kang nggunakake Basa Using, (3) analisis iki uga nganalisis ngenani nilai fungsi karya sastra, saengga masyarakat *penikmat* sastra bisa ndudut amanat, piwulang, lan makna kang diandharne pangripta sajroning karyane.

Panliten iki nggunakake pendekatan *stilistika* kang awujud metode analisis deskriptif kualitatif. Sumber data panliten iki yaiku pangripta tembang, yaiku Andang C.Y. Data kang digunakake yaiku antologi tembang campursari Banyuwangi karya Andang C.Y, kang jumlahe ana 20 tembang. Teknik pangumpulan data yaiku kanthi nggunakake teknik dhokumentasi lan wawancara, kanthi cara maca, nyathet, lan pustaka. Cara ngolah data yaiku kanthi nggunakake pendekatan *stilistika*.

Asiling saka panliten iki nuduhake aspek kang onja sajroning antologi campursari Banyuwangi karya Andang C.Y yaiku saka pamilihing tembung, pangolahing tembung kang ana. Pamilihing tembung digunakake dening pangripta nduweni tujuwan kanggo ngripta karya sastra kang endah lan nuduhake salah sawijining karya kang nduweni nilai, makna, lan paedah.

Analisis kapisan kanthi merang kelompok tema kang luwih onjo tinimbang tema liyane. Kelompok tema kaperang dadi patang kelompok, yaiku kelompok tema pitutur tumrap bocah, kelompok tema katresnan, kelompok tema sosial, lan kelompok tembang panyengkuyung. Pamerange kelompok tema kasebut kaperang miturut ciri-ciri tartamtu sajroning tembang kang nuduhake tema kang padha.

Pamilihing tembung kang asring digunakake yaiku titi swara, lan titi tembung. Titi swara sing digunakake yaiku purwakanthi guru swara (*asonansi*), puewakanti guru sastra (*aliterasi*), lan purwakanthi guru basa/lumaksita. Titi tembung kaperang dadi rong kelompok analisis, yaiku aspek estetis lan aspek makna. Aspek estetis sing digunakake sajroning tembang yaiku akeh tinemu tembung saroja lan saperangan tembung yogyaswara. Aspek makna kang akeh tinemu sajroning tembang yaiku tembung kang ora nduweni makna sabener (teges entar) lan saperangan teges wantah.

Saka andharan analisis mau, bisa dingerteni yen antologi campursari Banyuwangi anggitané Andang C.Y nggunakake pamilihing tembung lan mangolahing tembung kang kaya andharan mau. Pamilihing lan pangolahing tembung digunakake pangripta kanggo ngandharake ciri-ciri tartamtu sajroning tema lan uga nuduhake pitutur sajroning karyane. Tembang anggitané Andang Ora mung digunakake kanggo panglipur, nanging uga mujudake karya sastra (tembang) kang nduweni nilai fungsi tumrap masyarakat. Isi saka sekabehane tembang mujudake pitutur tumrap sekabehane manungsa ing urip bebrayan.

Pepenget : pamilihing tembung, pangolahing tembung, lan nilai fungsi.

PURWAKA

Banyuwangi mujudake salah sawijining kabupaten kang dumunung ing pucuk wetane Provinsi Jawa Timur. Masyarakat ing Kabupaten Banyuwangi nduweni maneka warna peranganing kabudayan. Akehe peranganing budaya, disengkuyung dening masyarakat Banyuwangi, sing tansah nguri-nguri budayane. Apa kang dilakoni dening masyarakat mau mujudake salah sawijining wujud tresna marang asiling kabudayan kang ana ing kabupaten Banyuwangi, supaya ora ilang.

Andang C Y mujudake seniman Banyuwangi kang nguri-uri budaya kanthi nggunakake tetembungan, khusus kanggo ngripta karya-karyane. Tembang reriptane ngemu bab-bab sing gegayutan karo masyarakat Banyuwangi. Tembung kang digunakake yaiku basa *dialek* kang ana ing masyarakat Banyuwangi. Basa *dialek* mujudake perangan kabasan ing masyarakat lan masyarakat kasebut bisa tetepungan karo masyarakat *penutur* liyane (Wardaugh sajroning Basir; 2010:52).

Andang mujudake salah sawijining pelopor kesenian dhaerah kang dumunung ing Banyuwangi. Lagu anggitané Andang cacahé akeh banget kang wis ngrembaka lan ditampa dening masyarakat nganthi manca negara. Karyane Andang bisa dibedakake karo reriptan pangripta liyane, yaiku luwih nengenake lirik. Awit saka iku, tembang anggitané Andang luwih asipat piwulang tinimbang tembang anggitané pangripta liyane.

Isi saka geguritan ana gayutane karo *emosi*, *pengalaman*, lan tumindak pangripta ing urip bebrayan. Geguritan nduweni fungsi kanggo pamaos ing antarane: bisa ndadekake pamaos ngrasakake isi, bisa nggugah *imajinasi*, nggugah ati, pikiran saya lumaku, lan kanggo panglipur (Endraswara, 2005:109-111). Isining tembang Banyuwangi, bisa dingerteni kanthi nggunakake aspek-aspek kang meh padha karo puisi tradhisional. Saka wujud lan fungsi kang saemper karo puisi tradhisional mau, digunakake cara-cara kang padha karo panaliten sastra (puisi).

Aspek kaendahan sajroning karya sastra, bisa dingerteni kanthi nggunakake potensi basa sing diduweni dening pangripta. Aspek kaendahan mau pancen digunakake nalika ngripta karya sastra, supaya bisa narik kawigaten masyarakat pamaos (Ratna, 2009:53). Saben pangripta nduweni ciri beda-beda nalika ngripta karya sastrane. Ciri khas kang digunakake mau bisa dianalisis kanthi titingan *stilistika*. *Stilistika* mujudake ilmu basa kang sesambungan karo panggunaning gaya. Gaya (*style*) yaiku cara ngandharake bab kang khas kanthi cara tartamtu, saengga tujuwan kang dikarepake bisa kagayuh kanthi sampurna (Ratna, 2009:3). Saka andharan mau, bisa diarani yen *stilistika* mujudake

salah sawijine ilmu kang ngandharake wujud kabasan utawa struktur lair karya sastra.

Miturut lelandhesan mau, tujuwan saka panliten iki yaiku: 1) Ngandharake wujud pamilihing tembung sing digunakake pangripta, 2) Nandharake wujud pangolahing tembung sing digunakake pangripta. Panliten iki bakal ngrembug tembang campursari anggitané Andang. Tembang kang diteliti mujudake tembang kang nduweni sipat endah tinimbang liyane, endah saka pamilihing tembung lan pangolahing tembung.

Panliten amrih bisa luwih apik, kudu ana panyengkuyunge panaliten liyane supaya dadi tuladha kanggo ngandharake panliten. Panaliten kang saemper karo panaliten kang arep dilakoni yaiku, tesis kang ditindakake dening Dhosen Basa Jawa, yaiku Sri Sulistiani kanthi irah-irahan *Syair Lagu Campursari Karya Didi Kempot (Telaah Struktur, Nilai, dan Fungsi Karya Sastra)* (2004, Universitas Negeri Surabaya). Ing panliten iki nggunakake objek panliten lelagon campursari anggitané Didi Kempot kang awujud geguritan naratif. Analisis ditindakake luwih nengenake struktur, nilai, lan fungsi karya sastra. Panliten ditindakake meh padha karo panliten iki, yaiku ing bab objeke nggunakake lagu campursari. Bedane yen Sulistiani nggunakake Karya Didi Kempot, panliten iki nggunakake campursari Banyuwangi.

Adhedhasar andharan panaliten sadurunge mau, bisa dingerteni yen sejatine wis ana panliten sing ngandharake objek sastra lan ditindingi nggunakake teori *stilistika*. Luwih akeh ngandharake ngenani pamilihing tembung lan lelewaning basa sajroning objek karya sastra kasebut. Bedane panliten kang bakal dilakoni karo panliten liyane yaiku nggunakake objek antologi campursari Banyuwangi anggitané Andang C.Y.

METODE PANLITEN

Metode panliten mujudake cara ilmiah kanggo mikolehi data kanthi tujuwan tartamtu. Metode panliten sing digunakake sajroning panliten iki yaiku metode kualitatif, kaya sing wis diandharne dening Ratna (2012:46) metode kang ngandharake tata carane analisis kanthi wujud deskripsi. Metode kualitatif migatekake data kang dianalisis, data sing gegayutan karo konteks anane.

Data lan Sumber Data

Sumber sajroning panliten iki yaiku Andang C.Y, minangka pangripta tembang campursari Banyuwangi. Pangripta bisa mangerteni karep lan tujuwan saka reriptane, saengga bisa mikolehi informasi nalika kepingin mangerteni apa wae kang ana gayutane karo objek panliten. Data panaliten iki yaiku larasing tembung lan tembang Antologi Campursari

Banyuwangi anggitané Andang, C.Y (ACBA), lan nilai fungsi ACBA kang arupa fungsi tekstual lan kontekstual. Saliyane data mau, uga ana data penunjang analisis data kayata referensi saka liyane. Referensi iku awujud buku literature, artikel ilmiah, internet, lan wawancara karo pangripta lan masyarakat.

ANDHARAN

Asiling panliten mujudake bab kang ngandharake prekara ing undheraning panliten. Prekara-prekara dirembug kanthi nggunakake teori sing wis diandharne mau.

4.2 Pamilihing Tembung

Pamilihing tembung digunakake dening pangripta kanggo ndadekake karyane luwih nduweni rasa endah ing basa lan swarane lan bisa narik kawigaten pamaos.

4.2.1 Titi Swara

Analisis ngenani titi swara bisa kaperang dadi telung bab ing antarane:

4.2.1.1 Purwakanthi Guru Swara (Asonansi)

Tetembungan kang nduweni purwakanthi guru swara sajroning tembang, yaiku:

- 1) Aja sira cethek iluhe, nggara-nggarai emak cilik atine (LC.2.1.K.1)

Tegese: Kowe aja gampang nangisan, nggara-nggarai emak nlangsa.

Tetembungan kang nduweni purwakanthi guru swara sajroning tembang (LC.2.1.K.1), yaiku nggunakake swara [e]. Tetembunga kang ngandharake purwakanthi guru swara mau sajroning tembang (LC.2.1.K.1), yaiku 'iluhe' [iluhe], lan 'atine' [atine]. Swara [e] miturut Pradopo (2012:29) mujudake swara kang asipat entheng, swara kang nduweni sipat entheng bisa nuduhake kahanan rasa tresna lan seneng.

- 2) Melik melik mesirat ati, putih perlambang ati suci (M.2.1.K.1)

Tegese: Kerlip-kerlip sumirat ing ati, putih perlambang ati kang suci.

Pradopo (2012:33) ngandharake yen swara [i] kang dibolan-baleni sajroning ukara bisa nuduhake kahan wong kang lagi seneng utawa tresna. Kawistara sajroning tembang (M.2.1.K.1), nggunakake swara [i] kanthi dibolan-baleni. Mbolan-mbaleni swara sajroning ukara bisa diarani purwakanthi guru swara. Tetembungan kang ngandharake bab mau yaiku tembung 'melik' [melik], 'melik' [melik], 'mesirat' [mesirat], 'ati' [ati], 'putih' [putih], 'ati' [ati], 'suci' [suci].

- 3) Merana randha cencengan, merene perawan pangjeran (MM.1.3.K.2)

Tegese: Mrana randha murahan, mrene prawan kembang desa sing ora age-age karma.

Adhedhasar tembung sajroning tembang (MM.1.3.K.2), ana saperangan tembung kang nggunakake purwakanthi guru swara [a] lan [α]. Kawistara sajroning tembang (MM.1.3.K.2) kang nduweni purwakanthi guru swara mau, yaiku tembung 'merana' [merαnα], 'randha' [rαndhα], 'cencengan' [cencenαn], 'perawan' [perawan], 'pangjeran' [panjeran]. Kombinasi swara 'a' mujudake swara kang nduweni irama abot. Swaka kang nduweni irama abot mau nuduhake kahanan susah lan ala (Pradopo, 2012:29).

- 4) Lih-lih kari a sing tolah tolih lih (ST.4.1.K.2)

Tegese: Ora gelem tolah-toleh

Teges saka tembang mau yaiku ngandharake kahanan bingung nganti tolah-tolih. Yen dideleng Ana saperangan swarane kang dibolan-baleni sajroning ukara mau, yaiku swara [i] lan [I]. Swara kang dibolan-baleni sajroning ukara bisa diarane purwakanthi guru swara. Tetembungan sajroning tembang (ST.4.1.K.2), kang nduweni purwakanthi guru swara yaiku tembung 'Lih-lih' [Ih-Ih], 'sing' [asIn], 'tolih' [tOIh], 'lih' [IH]. Saliyane nuduhake purwakanthi guru swara, uga ana perangan tembung kang dibolan-baleni yaiku tembung 'lih-lih' 'tolih lih', tembung mau digunakake dening pangripta kanggo negesake pakaryan kang dilakoni sajroning tembang mau.

- 5) Wong tuweke atine bungung, mantu wurung lara getun lan keduhung (ME.2.3.K.2)

Tegese: wong tuwane bingung, bocahe ora sida karma lan getun nagnti nemen.

Tetembungan sajroning tembang (ME.2.3.K.2), ngandharake yen pangripta nggunakake purwakanthi guru swara [u] kanggo ngandharake kahanan susah. Kahanan sing dikarepake pangripta yaiku kahanan wong tuwa susah merga tingkah polahe anak. Saliyane ngandharake kahanan, ukara sajroning tembang mau nuduhake yen ana saperangan tetembungane nggunakake purwakanthi guru swara [u] lan [U]. Kawistara sajroning tembang (ME.2.3.K.2) ana swara kang dibolan-baleni, yaiku ana ing tembung 'bungung' [bingUn], 'mantu' [mantu], 'wurung' [wurUn], 'getun' [getUn], lan 'keduhung' [keduhUn].

4.2.1.2 Purwakanthi Guru Sastra (Aliterasi)

Purwakanthi guru sastra kang digunakake dening Andang C.Y, ana sajroning kelompok tema, yaiku kelompok kapisan, kapindho, katelo, lan kapapat, tuladhane yaiku:

- 6) Sun ajak bareng bakti ndepani ibu pertiwi (M.2.4.K.1)

Tegese: dak ajak bebarengan ngabekti marang bumi pertiwi (Negara).

Swara konsonan kang akeh digunakake sajroning tembang mau yaiku konsonan [b]. Miturut Pradopo (2012:29) konsonan b,d,g,j mujudake konsonan kang nduweni sipat abot. Sipat abot mau bisa nuduhake kahanan susah utawa kudu nggunakake pangupaya kang linuwih. Saka andharan mau, dingerteni yen pangripta nggunakake swara [b] kanggo ngandharake yen manungsa kudu ngupaya kang linuwih kanggo bebarengan ngabekti marang bumi pertiwi. Tembung kang nduweni purwakanthi guru sastra sajroning tembang (M.2.4.K.1), yaiku ‘bareng’, ‘bakti’, lan ‘ibu’.

- 7) **Gegelisa gedhe gegelisa gedhe kadhung gedhe tandanga gawe** (CA. 1.2.K.1)

Tegese: Age-age gedhe, supaya yen wis gedhe bisa tandang gawe.

Tetembungan sajroning tembang (CA.1.2.K.1), ngandharake saperangan tembung nduweni purwakanthi guru sastra [g]. Tetembungan kang nggunakake purwakanthi guru sastra sajroning tembang (CA.1.2.K.1), yaiku ‘gegelisa’, ‘gedhe’, ‘gegelisa’, ‘gedhe’ ‘gedhe’, lan ‘gawe’.

- 8) **Nang nang kolenang kolenang kolenang ja kelayung noring gedhongan** (CA.1.3.K.1)

Tegese: Aja keblinger marang apa wae kang wis diwenehi wong tua, kudu nduweni pangupaya dhewe.

Adhedhasar tetembungan sajroning tembang (CA.1.3.K.1), ana saperangan tembung nggunakake purwakanthi guru sastra [n]. Kawistara ana sajroning tembang (CA.1.3.K.1) kang nuduhake tembung nduweni purwakanthi guru sastra yaiku ‘nang’, ‘kolenang’, ‘kolenang’, ‘kolenang’, ‘noring’, lan ‘gedhongan’.

- 9) **Tul ketan bentul, prawan ayu kelambi tutul** (KB.1.1.K.4)

Tegese: ana bocah wadon kang nggunakake klabi tutul kaya macan.

Adhedhasar tetembungan sajroning tembang (KB.1.1.K.4), ana saperangan tembung kang nggunakake purwakanthi guru sastra [l] lan [t]. Tetembungan kang nggunakake purwakanthi guru sastra yaiku ‘tul’, ‘bentul’, ‘kelambi’, lan ‘tutul’. Pethikan tembang mau nuduhake yen pangripta ngandharake objek kanthi simbol-simbol.

- 10) **Mujudaken masyarakat adil lan makmur** (TG.3.2.K.3)

Tegese: Mujudake masyarakat adil lan makmur

Tembang (TG.3.2.K.3), nuduhake yen ana saperangan tembung kang nduweni purwakanthi guru sastra [k]. Sastra [k] nduweni sipat entheng, kanggo ngandharake kahanan wong kang lagi nandang tresna utawa seneng. Pangripta nggunakake sastra [k] kanggo ngandharake kahanan masyarakat kang adil lan

makmur. Tetembungan kang nuduhake bab mau ana sajroning tembang (TG.3.2.K.3), yaiku tembung ‘mujudaken’, ‘masyarakat’, lan ‘makmur’.

4.2.1.3 Purwakanthi Guru Basa/Lumaksita

Purwakanthi lumaksita ana sajroning kelompok tembang, yaiku ing antarane kelompok kapisan, kapindho, katelu, kapapat. Tetembungan sajroning tembang kang nggunakake purwakanthi lumaksita ing antarane:

- 9) **Ngeconge athang conge conge athang**, ya sun **conge** anak isuk lanang (CA. 1.1.K.1)

Tegese: eman-eman man eman-eman, ya sun eman anak isun lanang

Tembang (CA.1.1.K.1), nuduhake yen nduweni purwakanthi guru basa utawa lumaksita sajroning ukarane. Kawistara ing pethikan kang nuduhake purwakanthi guru basa utawa lumaksita yaiku ‘conge athang’. Tembung ‘conge athang’ tegese yen ing basa Jawa yaiku ‘eman-eman’ (ngudang bocah cilik). Pangripta nggunakake tembung ‘conge athang’ kanthi carambolan-mbaleni yaiku supaya tembange katon endah lan nuduhake yen wong tuwane lagi ngudang anake.

- 11) **Gegelisa gedhe gegelisa gedhe**, kadhung wis gedhe tandanga gawe (CA. 2.2.K.1)

Tegese: Gelisa gedhe, yen wis gedhe tandanga gawe.

Ukara sajroning tembang (CA.2.2.K.1) ngandharake yen sajroning ukarane nggunakake purwakanthi guru basa. Tembung kang nuduhake purwakanthi guru basa yaiku ‘gegelisa gedhe’. Ukara sajroning tembang mau ngandharake yen tembung ‘gegelisa gedhe’ dibaleni kaping pindho. Tembung mau dibaleni kanggo mbangetake pengarep-arep wong tuwa marang anake supaya gelis gedhe lan bisa nyenengake wong tuwa.

- 12) **Mengisor tulihen mengisor tulihen** ya repote dalam (CA.3.1.K.1)

Tegese: Ngertia repote ing urip bebrayan

Ukara sajroning tembang (CA.3.1.K.1) nuduhake yen ana saperangan tembung kang nduweni purwakanthi guru basa. Tembung kang nuduhake bab mau yaiku tembung ‘mengisor tulihen’. Tembung mau digunakake kanggo mbangetake wawesane sajroning ukara.

4.2.2.2 Aspek Makna

Makna tembung mujudake reaksi saka ngrungokake lan maca, amarga ana sambung rapete karo wujud tembung kang ana.

4.2.2.2.1 Entar/Makna Konotatif

Teges entar yaiku saperangan tembung sajroning ukara kang ora nuwuhake teges asline.

Tuladhane tembang kang nggunakake tembung entar yaiku:

- 13) Aja sira **cethek iluhe**, nggara-nggarai emak **cilik atine** (LC.2.1.K.1)

Tegese: Aja kowe gampang nangisan, nggarai emak nlangsa.

Ukara sajroning tembang (LC.2.1.K.1), nuduhakeyen ana saperangan tembung kang nggunakake tembung entar utawa nduweni makna ora sabenerne. Andharan mau bisa kabuktekake saka pethikan ‘cethek iluhe’ lan ‘cilik atine’. Sejatine, sing dikarepake dudu teges sabenerne yaiku bocah kang cethek iluhe lan nggarai wong tuwane atine dadi cilik, nanging tembung ‘cethek iluhe’ tegese aja gampang nangisan utawa susah. Tembung ‘cilik atine’ tegese ora atine wong tuwa dadi cilik, nanging merga anak gampang nangis dadi wong tuwane dadi susah lan digambarake kanthi nggunakake tembung ‘cilik atine’ teges sing sabenerne yaiku susah.

- 14) Ya wis munggah perawan katon ayu lan **enthengan tangane** (CA. 2.2.K.1)

Wis dadi bocah wadon kang ayu lan gampanga tulung tinulung.

Tembang sajroning tembang (CA.2.2.K.1), ngandharake yen ana saperangan tembung kang nggunakake tembung entar utawa tembung kang nduweni makna ora sabenerne. Tetembungan sajroning tembang (CA.2.2.K.1) kang ngandharake tembung entar yaiku tembung ‘**entheng tangane**’. Teges sabenerne saka tembung ‘entheng tangane’ ora tangane entheng, nanging dadi bocah kudu gampang gelem tulung tinulung marang sapa wae.

4.3 Pangolahing Tembung

Pangripta bisa ndadekake karya sastrane endah amarga pangripta bisa ngolah tembung-tembung sing digunakake kanthi mujudake tema-tema tartamtu. Wujud saka pangolahing tembung mau bisa dideleng saka paedah karya sastrane marang pamaos lan masyarakat.

4.3.2 Lelewaning Basa

Lelewaning basa bisa kaperang dadi maneka warna, miturut Objek panliten yaiku ACBA, lelewaning basa kang ana ing antarane:

4.3.2.1 Hiperbola

Hiperbola yaiku ukara kang ora mung ngandharake kahanan lan diluwih-luwihane nanging uga kanthi ngluwihake kahanan saka kasunyatan. Tuladha tembang kang nggunakake hiperbola, yaiku:

- 15) **Dawakena jangkah jangkahira jangkah jangkahira**
Dhepanana dhepan dhepanana bumi nusantara (CA.3.3 lan 4.K.1)

Tegese: Nggoleka ilmu kang linuwih lan bisa migunani tumrap masyarakat lan Negara.

Yen dideleng saka ukarane, teges saka ukara mau yaiku jangkah/laku sejatine ora bisa didawakne, naning ing ukara mau tegese diluwih-luwihake. Adhedhasar andharan mau, ukara kang digunakake pangripta ngluwih-ngluwihake kahanan, saengga bisa diarani yen ukara sajroning tembang (CA.3.3, lan 4.K.1), ngandharake yen saperangan ukara ing pada, nggunakake hiperbola. Pethikan ukara kang nggunakake hiperbola yaiku ‘Dawakena jangkah jangkahira jangkah jangkahira’ lan ‘dhepanana dhepan dhepanana bumi nusantara’. Teges saka ukara mau yaiku manungsa ora bisa ndhepani bumi nusantara, saengga diluwih-luwihake kanggo teges kang negesake. Saka pethikan ukara hiperbola mau digunakake pangripta kanggo ngluwih-ngluwihake teges sing sabenerne saka teges asline.

- 16) Bontang-banting, oyang ati **pikiran munting** (GG.2.2.K.2)

Tegese: Pikiran dadi bingung.

Teges saka tembung mau yaiku krana mikir, pikirane nganti munting. Teges ‘munting’ ing kene mikir kanthi nemen. Adhedhasar pethikan tembang (GG. 2.2.K.2), ana saperangan tembung kang nggunakake hiperbola. Pethikan kang nuduhake hiperbola yaiku ‘pikiran munting’.

- 17) Tayongane **nggayuh lintang** gancang padhang (PS.1.4.K.4)

Tegese: Kudu nduwe kekarepan kang dhuwur, supaya uripe tansah mulya.

Pakaryan ‘nggayuh lintang’ iku ora bakal bisa dilakoni dening manungsa, saengga tembung mau mujudake tembung kang ngluwih-ngluwihake utawa hiperbola. Teges sabenerne saka ukara mau yaiku dadi wong kudu nduwe kekarepan kang dhuwur, supaya uripe tansah mulya. Adhedhasar saka andharan mau, tembang (PS. 1.4.K.1), nuduhake yen ana ukara kang nggunakake hiperbola. Ukara sajroning tembang (PS.1.4.K.1) kang nggunakake ukara hiperbola yaiku ‘tayongane **nggayuh lintang** gancang padhang’.

4.3.2.2 Personifikasi

Personifikasi yaiku nggambarake samubarang kang mati nanging nduweni sipat kaya manungsa. Ukara kang nggunakake personifikasi yaiku:

- 18) ... weruh picis **mata pencilakan...** (EK.2.4.K.2)

Tegese: Eruh dhuwit, ora bisa meneng.

Saka ukara sajroning tembang (EK.2.4.K.2), bisa dingerteni yen ana saperangan ukara kang nggunakake personifikasi. Tuladhane yaiku tembung ‘weruh picis mata pencilakan’. Tegese, mata bisa nglakoni pakaryan kaya manungsa yaiku pencilakan, nanging sejatine ora bisa nglakoni pakaryan mau,

amarga ‘mata’ ora bisa pencilakan kaya manungsa. Mata bisane mung ndeleng, kedhep, merem, nglirik, mandeng, lan liya-liyane.

19) ... adhuh **nyawa gandholana** racan kula
(PS.2.3.K.4)

Tegese: Nggandholi raga supaya ora nglakoni pakaryan kang ala.

Ukara ‘adhuh nyawa gandholana racan kula’ nduweni teges kang beda karo wujud. Teges saka tembung ‘nyawa’ nglakoni pakarya kaya manungsa yaiku dikongkon nggandholi, sejatine ora bisa nglakoni pakarya apa-apa. SAdhedhasar andharan mau, ukara sajroning tembang (PS.2.3.K.4) ngandharake yen ana saperangan ukara kang nggunakake personifikasi. Ukara sajroning tembang mau kang ngandharake personifikasi yaiku.

4.3.2.3 Parikan

Parikan yaiku unen-unen kang nganggo paugeran. Parikan kedadeyan ana paugeran-paugeran tartamtu. Ukara kang ngandharake parikan sajroning tembang aiku:

20) Mong-mong kelamong pindhang pakis yong dipindhang koyong

Omong kelamong lambe tipis pancen pinter ngomong

(EK.1.1-2.K.4)

Tegese: Wong kang pinter ngomong (gampang mblenjani janji).

Adhedhasar pethikan ukara sajroning tembang (EK.1.1-2.K.4), ngandharake yen ukara mau nduweni paugeran kang padha karo paugeran parikan. Dhong-dhinge swara ing pungkasan gatra sajroning tembung kapisan yaiku ‘pakis’ padha karo gatra kaping telu yaiku ‘tipis’ lan gatra kaping pindho lan kaping papat padha yaiku ‘koyong’ lan ‘ngomong’. Pada kapisan mung digunakake kanggo bebuka, “ngese” utawa inti saka prekara dumunung ana ing pada kapindho. Parikan mau digunakake pangripta kanggo nuduhake wong kang pakaryane mung pinter ngomong. Sindhiran sing digunakake pangripta tumrap wong kang senengane ngomon nggunakake parikan, supaya bisa luwih endah.

21)Jare petan-petanan, tibane gok nggolet omongan

Jare perawan pingitan, bengi-bengi gok keloymongan. (EK. 1-3.1-4.K.4)

Tegese: Ngomonge bocah wadon kang apik, nanging bengi-bengi malah keluyura.

Dhong-dhinge swara ing pungkasan gatra kapisan padha karo pada kaping pindho yaiku ‘petanan’ lan ‘pingitan’. Dhong-dhinge swara ing pungkasan gatra kaping pindho padha karo gatra kaping papat yaiku ‘omongan’ lan ‘keloymongan’. Andharan mau mujudake paugeran saka parikan. Pada kapisan mung digunakake kanggo bebuka, “ngese” utawa inti saka prekara dumunung ana ing pada kapindho. Pangripta

nggunakake parikan kanggo ngandharake sipat alane bocah wadon.

22) Aja rika paman dadi wong kembang terong

Kadhung mati paman tanggane emong nggotong (KT. 2.1-2.K.4)

Tegese: Yen mati tanggane ora ana sing gelem nggotong

Tembang (KT. 2.1-2.K.4), ngandharake yen paugeran kang diduweni padha karo paugeran ukara parikan. Dhong-dhinge swara ing pungkasan gatra kapisan sajroning tembung, padha karo pada kaping pindho yaiku ‘paman’ lan ‘paman’. Dhong-dhinge swara ing pungkasan gatra kaping pindho sajroning tembung, padha karo gatra kaping papat yaiku ‘terong’ lan ‘nggotong’. Pada kapisan mung digunakake kanggo bebuka, “ngese” utawa inti saka prekara dumunung ana ing pada kapindho. Parikan mau digunakake dening pangripta kanggo nuduhake wong sing nduwe sipat ala bakale sengsara.

23) Aja rika paman dadi kembang terong

Kadhung mati paman dadi jerangkong
(KT. 2.3-4.K.4)

Tegese: Sekabehane wong sing mati, bakal dadi jrangkong/ bali nang asale.

Yen dideleng saka tegese, nalika ditegesi, ukara kapisan ora bisa owal saka ukara kapindho. Tembang (KT. 2.3-4.K.4), nuduhake yen paugeran kang diduweni padha karo paugeran ukara parikan. Dhong-dhinge swara ing pungkasan gatra kapisan sajroning tembung padha karo pada kaping pindho yaiku ‘paman’ lan ‘paman’. Dhong-dhinge swara ing pungkasan gatra kaping pindho sajroning tembung padha karo gatra kaping papat yaiku ‘terong’ lan ‘jerangkong’. Pada kapisan mung digunakake kanggo bebuka, “ngese” utawa inti saka prekara dumunung ana ing pada kapindho. Parikan mau ngandharake yen sekabehane wong bakal mati, yen mati ora bakal nggawa bandha donyane.

4.4 Fungsionalitas Tembung lan Tembang

Nilai fungsi kang ana sajroning tembang campursari anggitané Andang C.Y, tegese kepriye pangripta ngandharake karyane kanthi tujuwan-tujuwan tartamtu. Pangripta nalika ngripta karyane kanggo ngandharake kaendahan ing urip bebrayan lan uga nduweni fungsi-fungsi tartamtu kayata pitutur, pengarep-arep, lan liya-liyane. Nilai fungsi bisa kaperang dadi rong werna yaiku:

4.4.1 Fungsi Sajroning Karya Sastra

Analisis fungsi tekstual ana sajroning isi karya sastra. Tembung-tembung kang digunakake dening pangripta nduweni fungsi-fungsi tartamtu kanggo ngandharake bab kang beda-beda. Nilai fungsi kang ana

sajroning teks tembang campursari Banyuwangi anggitané Andang kang ana sajroning karya satra yaiku:

1. Fungsi kanggo pitutur

Sekabehane tembang anggitané Andang C.Y nduweni nilai fungsi tartamtu yen dideleng saka isi sajroning tembange. Salah sawijining fungsi kang utama yaiku fungsi kanggo pitutur tumrap sekabehane masyarakat penikman sastra. Pangripta ngandharake pitutur-pitutur tumrap sekabehane masyarakat, kayata pitutur tumrap bocah, pitutur tumrap wong kang lagi nandang tresna, lan pitutur tumrap wong urip bebrayan ing masyarakat. Pitutur-pitutur kasebut salaras karo isi lan tema sajroning tembange. Tuladha tembang kang ngandharake pitutur yaiku:

- 24) Ayo **gendhong** bathike liris
ayo **sun kudang sira sun kudang**
(LC. 1.2-3.K.1)

Tuladha tembang (LC.1.2-3.K.1), ngandharake yen ana saperangan tembung kang digunakake dening pangripta kanggo nuduhake yen tembang karyane dituduhake kanggo bocah. Tuladha tembung kang kaya andharan mau yaiku ‘gendhong’ lan ‘kudang’, saka tembung mau bisa dingerteni yen bocah cilik iku senengane digendhong lan dikudang. Pangripta kepingin nuduhake pakaryan sing sabendina dilakoni dening bocah cilik.

2. Fungsi kanggo menehi Pawarta

Saliyane fungsi pitutur mau, pangripta uga menehi informasi ngenani apa wae kang ana ing masyarakat Banyuwangi, kayata adat, alam, lan liya-liyane. Tuladhane ana sarjoning tembang kang nduweni tema adat. Tembang kang nduweni tema adat tegese pangripta ngripta karyane nduweni tujuwan kanggo nuduhake marang pamaos ngenani adat-adat kang ana ing Kabupaten Banyuwangi. Saliyane iku, pangripta uga kepingin supaya pamaos mangerteni sejatine adat apa wae kang ana ing Kabupaten Banyuwangi lan pangripta kepingin nglestarekake adat supaya masyarakat ora nglalekake adat ing Kabupaten Banyuwangi. Saka tujuwan mau bisa dingerteni sejatine pangripta nalika ngripta karyane kang nduweni tema adat kepingin nglestarekake apa kang diduweni masyarakat Banyuwangi kanthi nggunakake tembang minangka pirantine.

Tuladhane yaiku ing tembang kang nduweni irah-irahan Kawin Colongan. Sajroning tembang mau pangripta ngandharake salah sawijining adat kang diduweni masyarakat Kabupaten Banyuwangi yaiku ‘kawin colongan’. Pethikan tembang kang nuduhake tema adat yaiku:

- 25) ...

Nolak alus gedigu alasane

Wong tuwek sing dhemen nong bakal mantune

Lanang wadon ju padha semayane

Melayu bareng kawin colongan

...

Kawin colongan adat Banyuwangian

Taping aja dienggo sembronoan

...

(KC.2, 4.1-4, 1-2.K.4)

Tembang (KC.2,4.1-4, 1-2.K.4), mau bisa dingerteni yen ana saperangan tembung kang nuduhake tema adat. Pangripta ngandharake apa sejatine kang diarani adat kawin colongan, saengga pamaos bisa mangerteni sejatine ing Kabupaten Banyuwangi ana adat kang diarani ‘kawin colongan’. Saliyane iku, pangripta uga ngandharake yen ‘taping aja dienggo sembronoan’, tegese masyarakat ora mung kudu mangerteni adat kang diduweni masyarakat Banyuwangi nanging uga kudu bisa mangerteni yen sejatine adat mau ora bisa dinggo sembronoan, ana tata carane dhewe.

4.4.2 Fungsi Sanjabane Karya Sastra

Analisis fungsi kontekstual yaiku kepriye pangripta nggunakake pamilih lan pangolahing tembung, kang digayutake karo masyarakat pamaos. Apa kang diandharake pangripta kanthi nggunakake tetembungan dikarepake bisa dingerteni dening masyarakat pamaos, saengga masyarakat bisa ngerteni isi sajroning tembang anggitané Andang mau. Analisis fungsi kontekstual/fungsi sanjabane karya sastra, bisa dingerteni sawise nglakoni wawanrembug marang masyarakat penikmat sastra, ngenani tembang campursari anggitané Andang C.Y. Sawise nglakoni wawanrembug marang masyarakat penikmat sastra, tembang campursari anggitané Andang C.Y nduweni perangan fungsi, ing antarane:

1. Piranti kanggo nglestarekake kabudayan lan kahanan alam ing Kab. Banyuwangi

Kabupaten Banyuwangi nduweni perangan kabudayan kang akeh banget. Saliyane perangan kabudayan, uga nduweni adat kang mesthi dilakoni dening masyarakat Banyuwangi lan kudu dilestarekake. Masyarakat Banyuwangi nduweni cara-cara tartamtu kanggo nglestarekake perangan kabudayan mau. Kaya kang dilakoni dening seniman Banyuwangi yaiku andang C.Y, panjenengane kepingin nglestarekake kabudayan Banyuwangi kanthi nggunakake tetembungan minangka pirantine. Tetembungan kasebut disusun kanthi endah, saengga bisa dadi tetembungan kang nduweni ciri tartamtu tinimbang pangripta tembang liyane. Pangripta nalika ngripta karyane nduweni tujuwan kanggo nuduhake marang masyarakat

ngenani perangan-perangan kabudayan kang diduweni masyarakat Banyuwangi, saengga masyarakat bisa mangerteni sekabehane kabudayan kang ana. Saliyane supaya masyarakat mangerteni, pangripta uga nduweni tujuwan supaya masyarakat bisa nglestarekake kabudayan kang ana.

Pamilihing tembung kang digunakake dening Andang C.Y nalika ngripta karyane, nduweni tujuwan kanggo nuduhake prekara-prekara lan kedadeyan kang ana ing urip bebrayan, tuladhane yaiku kabudayan kang ana ing Kabupaten Banyuwangi. Kaya kang ana sajroning tembang Kawin Colongan, tembang mau ngandharake salah sawijining adat sing diduweni masyarakat Banyuwangi. Kaya andharan Pak Supartono:

“Kawin colongan iku pancen adat BWI mbak. Ing masyarakat Using yen ana salah sawijining wong tuwa kang ora ngrestoni anake nikah karo bocah liyane iku anak wadone dicolong. Dadi wong tuwane sing wadon wis ora nglakoni apa-apa, kaya ora ana kedadeyan apa-apa”.

(SPT.5)

Andharan mau ngandharake yen masyarakat mangerteni yen isi sajroning tembang anggitané Andang, ana kang nuduhake marang pamaos yen Kabupaten Banyuwangi nduweni saperangan adat kang digunakake masyarakat ing urip beberayan. Miturut Supartono, kawin colongan iku kedadeyan yen wong tuwane sing wadon ora ngrestokake yen anake dikawin karo bocah lanang sing dudu pilihan wong tuwane. Luwih akeh sing ora ngrestokake yaiku wong tuwa saka wong wadone, dadi sing nyolong yaiku bocah lanang. Saka andharan mau, bisa dingerteni yen ana saperangan masyarakat kang ngerti teges saka tembang anggitané Andang. Apa kang diandharne lan dikarepake Andang sajroning tembang bisa dingerteni dening pamaos (penikmat sastra).

Saliyane nduwe perangane adat kang kudu dilestarekake, karya anggitané Andang C.Y uga ngandharake yen Banyuwangi uga nduweni alam kang endah tinimbang Kabupaten liyane. Pethikan cecaturan kang ngandharake bab mau :

“Sing luwih wigati yaiku laguku iku akeh kang nggunakake setting ana ing alam Banyuwangi kayata laut, pantai, gunung, sawah, desa sing isih asri, lan liya-liyane”. (Andang, C.Y.6)

Saka pethikan wawanrembug mau bisa dingerteni yen saliyané adat, tembang anggitané Andang C.Y mujudake salah sawijining tembang kang ngandharake alam ana ing Kabupaten Banyuwangi. Masyarakat bisa mangerteni sejatine alam kang diduweni Kabupaten Banyuwangi pancen isih asri lan kudu dilestarekake marang masyarakat Banyuwangi. Sekabehane alam mau kudu dijaga supaya ora rusak lan musna.

2. Piranti kanggo sarana pendhidhikan

Miturut masyarakat penikmat sastra, tembang anggitané Andang C.Y uga bisa digunakake kanggo sarana pendhidhikan. Andharan mau disengkuyung karo andharan saka Pak Supartono:

“Tembang anggitané Andang C.Y uga bisa digunakake kanggo alat pendidikan, tegesé ana saperangan tembang bisa didadekake lagu wajib ana ing instansi pendidikan kayata SD, SMP, SMP, lan PT. tembang anggitané Andang C.Y kaya Umbul-umbul Blambangan digunakake lagu wajib amarga lirik lagune mujudake sejarah lan ciri khas saka Banyuwangi dhewe. Siswa bisa sinau sejarah ora mung ana ing kelas, nanging uga bisa nggunakake piranti kang menarik (kaya lagu)”. (SPT.4)

Saka andharan mau bisa dingerteni yen nalika ndidhik siswa ora mung nggunakake buku utawa crita-crita sejarah sing nggarai bocah-bocah waleh yen ngrungokne, nanging uga bisa nggunakake piranti kang ndadekake siswa ora bisa ngerti kanthi ora disadari yen iku mujudake pasinaon. Isi saka tembang anggitané Andang bisa digunakake kanggo piwulang ngenani sejarah, nglestarekake alam, lan nguri-uri kabudayan kang diduweni masyarakat Banyuwangi. Tembang anggitané Andang C.Y digunakake masyarakat kanggo sarana piwulang ing saperangan SD, SMP, SMA, lan PT (Perguruan Tinggi) ana ing Kabupaten Banyuwangi. Isi saperangan tembang bisa digunakake piwulangan, kayata carita Banyuwangi kang diandharane sajroning tembang kang nduweni irah-irahan Umbul-umbul Belambangan.

Tembang anggitané Andang C.Y ora mung bisa didadekake piranti piwulang ana ing sekolahan, nanging uga ana ing sanjabane sekolahan (masyarakat). Andharan mau, diandharne dening Aekanu, yaiku:

“Nalika Bupati Banyuwangi isih Bupati Samsul, tembang umbul-umbul Blambangan didadekake lagu wajib saben apel pagi ing sekabehane institusi pamarentahan ing Kab. Banyuwangi”. (AH.3)

Saka andharan mau bisa dingerteni yen saperangan tembang anggitané Andang C.Y uga digunakake lagu wajib ana ing institusi pamarentahan Kab. Banyuwangi, nalika Kab. Banyuwangi dipimpin dening Bupati Samsul. Bupati Samsul majibake sekabehane masyarakat nembangake tembang Umbul-umbul Blambangan anggitané Andang kanggo semangat masyarakat lan bisa nglestarekake apa kang diduweni masyarakat Kab. Banyuwangi. Lagu-lagu karya Andang uga asring digunakake masyarakat Banyuwangi kanggo lomba lagu wajib, ing antarane

yaiku Umbul-umbul Blambangan lan Luk-luk Lumbu. Saka kedadeyan mau, lagu-lagu karya Andang C.Y uga dadi ngrembaka ana ing masyarakat sanjabane Banyuwangi uga ana ing Manca nagara.

3. Piranti kanggo panglipur

Sekabehane karya seni (luwih utamane tembang) pancen mujudake piranti kanggo panaglipur tumrap masyarakat penikmat sastra. Kaya tembang anggitané Andang C.Y saliyane kanggo piranti kaya kang wis diandharne mau, uga dadi panglipur tumrap masyarakat Banyuwangi lan sanjabane Banyuwangi. Kaya andharan Sumarto:

“Sabendina pas aku nang kene (nambal ban bocor) mesthi nyetel lan ngrungokake tembang-tembang Banyuwangi mbak. Tak gawe kanca lan hiburan, msok sing dadi hiburan mung sepedha motor bocor wae”.

(SMT.1)

Saka andharan mau bisa dingerteni yen saliyane tembang anggitané Andang C.Y digunakake kanggo ngandharake kahanan ing Kabupaten Banyuwangi lan kanggo pitutur, tembang mau uga digunakake masyarakat kanggo panglipur. Panglipur tegese, kanggo ngisi kalodhangan wektu sabendina. Andharan saka Sumarto sing ngandharake yen fungsi tembang kanggo panglipur uga padha karo andharan saka Saniyen (ibu rumah tangga):

“Aku seneng Lagu-lagu Banyuwangi, nanging aku ora ngerti atine hehehe. Lagu-lagu Banyuwangi ki apik-apik mbak, iso nggawe aku njoged-njoged lak ngrongokne karo masak utawa nglakoni penggaweyan sabendina”. (SNY.2)

Saka andharan mau bisa dingerteni yen fungsi tembang nalika dadi panglipur uga bisa kedadeyan amarga masyarakat (penikmat sastra) ora mangerteni teges saka tembung-tembung kang digunakake pangripta. Masyarakat ora mangerteni tegese, nanging tembang mau nggunakake notasi kang endah, saengga bisa ndadekake masyarakat tresna (trenyuh) marang tembang kang nggunakake Basa Using mau. Saka rong narasumer mau, bisa dingerteni yen tembang kang nduweni fungsi kanggo panglipur tumrap masyarakat penikmat sastra, digunakake kanggo ngisi kalodhangan ing pakaryan sabendinan lan uga amarga masyarakat ora ngerti teges saka tembang mau.

4. Piranti kanggo pitutur

Fungsi kontekstual kang pungkasan sajroning tembang anggitané Andang C.Y miturut saperangan masyarakat penikmat sastra, yaiku akeh pitutur kang

bisa kajupuk sajroning tembang anggitané Andang C.Y. Kaya andharan Pak Aekanu:

“Miturut ku, tembang-tembang anggitané Andang C.Y nduweni roh, isine akeh pitutur-pitutur lan bisa ndadekake semangat kanggo masyarakat khususe masyarakat Banyuwangi”. (AH.4)

Saka andharan mau bisa dingerteni yen tembang anggitané Andang nduweni pitutur kanggo masyarakat. Pitutur mau bisa dingerteni dening masyarakat nalika masyarakat ngerti isi saka tembang mau. Pitutur kang ana kayata supaya nglestarekake kabudayan, alam, adat, lan sekabehane kang diduweni masyarakat Banyuwangi. Miturut Aekanu, tembang anggitané Andang nduweni roh kang bisa ndadekake tembang luwih nduweni makna lan pitutur tinimbang tembang anggitané pangripta liyane. Saka andharan mau bisa kadudut yen saliyane kanggo panglipur, tembang anggitané Andang bisa nduweni pitutur kanggo masyarakat yen masyarakat ngerti teges saka tembang mau.

PANUTUP

Miturut analisis kang wis dilakoni ngenani pamilihing tembung, ACBA nggunakake titi swara, titi tembung, maknaning tembung, lan lelewaning basa. Titi swara kang digunakake yaiku purwakanthi guru swara, sastra, lan lumaksita. Titi tembung kang digunakake yaiku tembung saroja lan yogyaswara. Maknaning tembung kang asring digunakake yaiku teges entar lan wantah, bab mau digunakake dening pangripta supaya ukara kang digunakake nduweni makna kang luwih saka makna asale, kanggo ndadekake karyane luwih endah, nduweni rasa nges, lan ngandharake salah sawijining ciri tema tartamtu.

Tembang anggitané Andang C.Y nduweni makna kang beda tinimbang tembang liyane. Tembang-tembange ngemu bab kang bisa didadekake pitutur tumrap masyarakat *penikmat* sastra. Tembang-tembang anggitané Andang C.Y bisa didadekake pitutur tumrap tumindake bocah, tumindake wong kang lagi nandang tresna, tumindake masyarakat ing urip bebrayan, lan kepriye masyarakat nguri-uri kabudayan lan alam kang diduweni masarakat.

KAPUSTAKAN

- Basir, Udjang, Pr. M. 2010. *Sosiolinguistik Pengantar Kajian Tindak Berbahasa*. Surabaya: Bintang.
- Black, Elizabeth. 2011. *Stilistika Pragmatik*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Endraswara, Suwardi. 2005. *Metode Teori Pengajaran Sastra*. Yogyakarta: Buana Pustaka.

Keraf, Gorys. 2006. *Diksi dan Gaya Bahasa*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama

Ratna, Nyoman Kutha. 2009. *Stilistika Kajian Puitika Bahasa, Sastra, dan Budaya*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

Sulistiani, Sri. 2004. *Tesis Syair Lagu Campursari Karya Didi Kempot*. Universitas Negeri Surabaya.

Pradopo, Rahmad Djoko. 2012. *Pengkajian Puisi*. Yogyakarta:

